EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# FORMI-LEERU

## SEET NJABOOT (MAG)

Mbindum loxo mi moo ngi jeex ci 2025
Moo xam European Union Agency for Asylum (EUAA) wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci siiwal bii.
Luxembourg: Siwalug Biro bu Mbootaayu Réewi Órob, 2025

PDF ISBN 978-92-9410-790-9 doi:10.2847/9517251 BZ-01-25-034-EN-N

© European Union Agency for Asylum (EUAA), 2025
Nangu nañu ñu móolaat ko sudee weral nañu cosaan bi.

| | |
|---|---|
| **Turu réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin** | |
| **Adareesu kilifa réew mi** | |
| **Leeral yu xejjiku yu réewi Órob ak réew yi andak ñoom ci ay doxaliin ci nan ak fan lañuy déposé formileer bii** | *Lii ab bayaal la buñu jagleel Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin ngir ñu dugal modalité yu am solo yu aju ci dépôt wu formileer bii. Nan lañuy wara déposé formileer bii? Ci ban adarees? Fii ak kañ?* |

# FORMILEERU SEET NJABOOT (MAG)

## LU TAX ÑU JOX MA FORMILEER BII?

Njiit yi ci réew mii ñoo la jox formileer bii ([1]) ndax da nga bindu ngir am kaarange bitim-réew te wax nga ni am nga mbokk ci ab Réewu Órob ak Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin wala ab réew mu lëkkaloo ak ñoom (ñu royalee ko niki Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ay doxaliin).

| |
|---|
| Réew yi Bokk ci Réewi Órob yi ñooy Belgique, Bulgarie, Tchéquie, Allemagne, Estonie, Irlande, Grèce, Espagne, France, Croatie, Italie, Chypre, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Hongrie, Malte, Pays-Bas, Autriche, Pologne, Portugal, Roumanie, Slovénie, Slovaquie, Finlande ak Suède. Ñeenti réew yu lëkkalook ñoom ñooy Islande, Liechtenstein, Norvège ak Suisse. |

Xibaar yi nga joxe ci formileer bii dina tax njiit yi ci réew mii seet say mbokk, jox priorité sa dosiyee te seet Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu mëna saytu sa demande. Ndax li nga am ay mbokk ci beneen Réewu Órob ak Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin, réew mi say mbokk nekk mën na doon réew bi wara saytu sa demande.

**Lu am solo.** Fexel ba njiit yi xam ndax da nga soxla ndimbal ngir remplir formileer bii.

## LU TAX ÑU LAAJ MA MA REMPLIR FORMILEER BII?

Njiit yi ci réew mi war nañu xam ndax da nga am ay mbokk ci bépp Réewu Órob ak réew bu ak ñoom ci ay doxaliin. Sudee am nga ko, réew mi ñu dëkk mooy réew mi wara toppatoo sa demande.

Njiit yi ci réew mii bëgg nañu laa jàppale itam nga boolowaat ak say mbokk ci Réewu Órob ak réew bu ak ñoom ay doxaliin so bëggee nekk ak ñoom. Soo bëggee ñu boolewaat la ak sa waa kër, xamal ñu ko di nañu xool ndax mën naa nekk ngir ñu jéema fexe ba loolu am. So bëggul ñu boolewaat la, wax ñu ko numu gëna gaawee.

### Ak kan nga bëgg ñu boolewaat la?

Mën nañ la boolewaat ak ab mbokk mu dëkk ci ab Réewu Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin. Ñooy:

- sa soxna wala sa jëkër – nit kii lañuy woowee spouse;

([1]) PDF: BZ-01-25-006-EN-N and Print BZ-01-25-006-EN-C.

- ab partneer buy sey nga ci ab nekkaale buy sax ([2]);
- sa doom bu amagul 18 at ([3]).

Mën nañ laa boolewaat ak nit ku soxla nga toppatoo ko wala nit ki la wara toppatoo ndax dafa:
- ëmb;
- yore ab liir buy sooga juddu;
- feebaru xel bu garaaw;
- feebar bu garaaw;
- laago bu metti;
- gaañu-gaañu xel bu metti;
- màggat.

Nit kii mën naa doon:
- sa doom (mineur wala mag);
- sa rakk/mag;
- sa waajur.

**Soo amee ay mbokk ci ab Réewu Órob wala Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin, am nga yile sañ-sañ.**

- Mën nga sakku ay leeral ci nit ñi ak kër yu la mëna jox ndimbal ngir remplir formileer bii.
- Mën nga sàkku ay leeral ci réew mi, ci bitim-réew ak yeneen mbootaay yu am solo yu mëna yombal ñu raññee te seet say mbokk.
- Mën nañu nos ab laaj-tontu ngir xool Réew mi bokk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin yu wara saytu sa demande ngir am kaarange bitim-réew, ludul dafa am ay sukkandikukaay ngir baña def laaj-tontu bi.
- Mën nga déposé bépp leeral bu la mëna jàppale ñu tëral teewaayu mbokk yi ci kaddu wala ci ay keyit.
- Mën nga sàkku yeneeni leeral ci sa dosiyee.

## LAN LAA WARA BOOLE CI FORMILEER BII?

**Ngir jàppale njiit yi ci réew mii ñu boolewaat la ak sa waa kër, da nga ñu wara jox xibaar yi nga am yépp.** Lii bokk na ci ay xibaar yu aju ci sa waa kër wala nit ki nga bokkal wala ki nekk ci sa loxo ci ab Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin lu mel ni:
- seeni leerali bopp;
- fiñu dëkk fimne nii;
- seen leerali jokkoo;
- xibaar yu aju ci seen tolluwaayu yoon ci réew moomu (suñu amee statut wu ñaankatu asile, ab permit de résident wala ñu doon ab doomu réew moomu sunu sukkandikoo ci tolluwaayu kaarange bitim-réew bu njëkk bi);
- bépp keyit wala firnde buy firndéel mbokk gi.

([2]) Sudee yoon wi wala jëfi Réewu Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin dafay menacer ay couples yu seyul ci anam buñu mëna mengale ak couples yuy sey ci kaadaru yoon ci li aju ci ay doomi réew yu bawoo beneen réew.

([3]) Lii moo ngi aju ci xale bi nga jur wala nga adopté ko.

## Lu tax xibaar yii am solo?

Ni ngay gënee joxe ay xibaar, muy gëna yomb ci njiit yi ci réew mii jokkoo ak say mbokk, ñu weral li nga bokk ak ñoom te boolowaat ak ñoom nimu gëna gaawee.

Mën nañ laa woo ci ab laaj-tontu wala mën nañ laa laaj ay laaji topp ngir am yeneeni leeral ci mbokk gi ak fi nit kooku nekk.

Bul jaaxle soo amul leeral yépp. Dugalal loo mën, njiit yi ci réew dina ñu def luñu mën ngir tambali procédure bi. So amee ay keyit, jebbal leen njiit yi ci réew mii nimu gëna gaawee.

## NAN NGAY REMPLIREE FORMILEER BII

**Jeego 1.** Rempliral Xaaj 1 bu formileer bi. Lii dafay dajale say xibaari bopp.

**Jeego 2.** Rempliral xaaj bu (yu) nekk ci formileer bi yu mengook sa(y) mbokk ngir képp ku ci bokk.

- Jëkër/jabar wala partneer bu seyul (Xaaj 2)
- Xale mineur (Xaaj 3).
  *Soo amee ay doom yu bari yu nekk ci benn ci Réewu Órob wala Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin, rempliral xaaju formileer bii ngir mbokk bu nekk.*
- Nit yi nekk sa loxo (Xaaj 4).
  *Rempliral xaaj bii sudee:*
  - sa doom (bu mag), rakk/mag wala waajur dafa nekk ci sa loxo ndax dafa nekk ci anam bu wóoradi;
  - da nga nekk ci anam bu wóoradi te nga weeru ci topparug sa doom (bu mag), rakk/mag wala waajur.

**Jeego 3.** Desinel sa arbre généalogique njaboot (Xaaj 5) ngir xamle say mbokk yépp. Lii mën naa am solo ëlëg suñuy seet say mbokk wala ngir xam ndax mën naa am yeneen nit yi nga xamantane di nañu mëna tambali boolewaat bi.

## KAN MOO MA MËNA JÀPPALE MA REMPLIR FORMILEER BII?

So soxlaa bépp ndimbal ngir remplir formileer bii, bokk na ci ab ndimbalal yoon, mën nga ko sakku. Su amee lu leerul ci yaw, mën nga laaj njiit yi nekk ci réew mii. Mën nga am yeneeni leeral ci pool u awoka yi ci keyitu joxeb xibaar yu aju ci procédure u tëraliinu waréef. Mën nga sakku itam ab ndimbalu lakk ci formileer bi.

*Xibaar yu xejjiku yu Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin ci NIT ak KËR yuy joxe ndimbal ngir remplir model bi ak ay TEKTALU YOON.*

## NAN LAAY MËNEE BOOLOWAAT AK SAMAY MBOKK?

- Bi ci njëkk, njiit yi ci réew mii di nañu saytu xibaar yi nga joxe. Mën nañ la woo ngir ñu defal la beneen laaj-tontu.

- Su mënee nekk, njiit yi ci réew mii di nañ yónnee ab demande ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin fi say mbokk dëkk.

**Lu am solo**. Yaw ak say mbokk da ngeen wara nangu boolowaat. Sudee yeen ñaar ñépp  nangu wu leen, njiit yi ci réew mi duñu wey. So nangoo, di nañu sakku ci yaw nga joxe ab keyitu nangu buñu bind ngir boolewaat gi. Dina laaj nga jebbal sa nangu ci beneen xeet.

- Réew mi say mbokk dëkk dina saytu demande bi te xool keyit yi.
- Suñu nangoo, njiit yi ci réew mi dina ñu la yobbu ci réew moomu ngir ñu boolewaat la ak sa wa kër.

Njiit yi ci réew mi duñ la boolewaat ak nit ku andul ak say bëgg-bëgg. "Consent" moo ngi tekki ni yeen ñaar ñépp ànd ngeen ci jëfee kaarange bitim-réew buñu nara saytu ci réew mi sa waa kër wala nit ki nga bokkal dëkk. Sudee yaw wala ki nga bokkal andu leen ci, njiit yi ci réew mii duñu tambali procédure boolewaat gi. Mën nga génn ci li nga nangu woon saa su nekk laata ñuy jël dogalu yobbu la.

Ci ñaari réew yépp, dañuy traité dosiyee boolewaat bi ak priorité. Lii mu ngi tekki ne sudee boolowaat ak njaboot gi mën nañ ko amal ci sa dosiyee, njiit yi di nañ ko toppatoo numu gëna gaawe.

## Lan nga wara xam

- Mën nga soppi sa xalaat te génn ci li nga nangu woon saa su nekk laata ñuy jël dogalu yobbu la.
- Da nga wara fay kumu mëna doon ngir ñu boolowaat la ak say mbokk – njiit yi dina ñu fay njëg yi.
- Dosiyee boolewaat yi dañ leen di toppatoo niki priorité, ngir njiit yi toppatoo sa dosiyee nimu gëna gaawee.

## Lan la boolewaat di tekki

- Sa bindu ngir am kaarange bitim réew ci réew mi sa waa kër dëkk ci lu yoon xam ([4]).

Boolewaat tekkiwul ni di nga jot ab permis résidence ci réew moomu.

## XAMU MA FAN LA SAMAY MBOKK NEKK. NDAX MËN NGEEN MA JÀPPALE?

Soo xamee ni sa benn waa kër dafa nekk ci ab Réewu Órob wala réew yu andak ñoom ci ay doxaliin te xamu lo fuñu nekk, mën nga sakku ndimbal ci mbootaay yuy seet njaboot yu lay mëna jàppale nga seet sa waa kër. Waxal njiit yi nekk ci réew mii so soxlaa ndimbal.

*Xibaar yu xejjiku yu Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin ci mbootay yuy dimbali ci seet njaboot.*

([4]) Dëkk ci yoon moo ngi tekki ni dañuy remplir sàrt yi waral ñu dugg, nekk wala dëkk ci ab réew.

## NAN LAÑUY TOPPATOOREE XIBAAR YIMA JOXE?

Xibaar yi nga joxe di nañ leen toppatoo ci sutura. Duñ leen mësa jox ab réew bu bokk ci Réewu Órob wala réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (yëral xët 1 ci formileer bii) wala réew mi nga njëkkoon dëkk yaw wala sa waa kër. Dina ñu jébbal xibaar yi ci anam bu wóor ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin ngir njiiti réew mi mëna xool ndax sa mbokk mi mën naa nekk ak yaw. Suko laajee, sa waa kër yi wala mbootaay yi mën nañu jokkoo ak say waa kër ngir jagleel leen ay laaj.

## XAAJ 1. AY XIBAARI JAGOO CI WEY-BINDU BI

| | |
|---|---|
| **Nimero dosiyee:** | |
| Tur | |
| Sant | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |
| ☐ **Maa ngi dëggël ni amnaa ab mbokk mu dëkk ci ab Réewu Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin.** | |
| Sama njaboot mooy (mën nañu tànn tànnéef yu bari) | ☐ sama jëkër/jabar wala partneer bu seyul (Xaaj 2)<br>☐ xale mineur (Xaaj 3)<br>☐ nit ku weeru ci sama ndimbal wala weeru ci ndimbalu nit kooku (Xaaj 4) |
| Yeneen xibaar yu am solo | |
| **Bis ak xaatimu wey-bindu bi** | |

| XAAJ 2. AY XIBAARI JAGOO YU JËKËR/JABAR WALA PARTNEER BU SEYUL | |
|---|---|
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Barab biñu seyee wala fiñu tambalee seen ànd | |
| Bis biñu seyee ak wala tambali seen ànd | |
| Xeetu sey wala nekk (mën nañ tànn tànnéef yu bari) | ☐ xew-xewu diine<br>☐ bindug siwil<br>☐ àndu siwil buñu bindu<br>☐ leneen (leeral ko): |
| Barab bu bees wala bi nga mujj xam fumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy bindu yi ngir am kaarange bitim réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |

| |
|---|
| **Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la** |
| Ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak nit kii?<br>☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.<br>**Ci kaa bii, yaw ak sa waa kër di nañ leen sant ngeen joxe ab nangu bu formel buñu bind. Nangu bu formel bi di nañ ko sakku ci ab tëggiin bu wuute.**<br>☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.<br>Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yii di nañ leen jëfandikoo ci sutura. |
| **Xibaar yu am solo ci nekk ci lu wóoradi wala sababi humanitaires** |
| Mën nga def fii bépp xibaar bu ci wàr bu am solo ngir njiit yi xam ci li aju ci say waa kër (bépp ñakk wóoradi, soxla yu xejjiku wala sababi humanitaires). |
| **Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?** |
| |
| **Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?** |
| |
| **Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii?** ***Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).*** |
| |
| **Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**<br>Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi. |
| |
| **Yeneen xibaar yu am solo** |
| |

## XAAJ 3. AY XIBAARI JAGOO CI XALE MINEUR BI

*Soo amee ay doom yu bari yu nekk ci benn wala ay Réewi Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin, bësal ci bitoŋu 'Duplicate section' ngir sos ab pàcc bu bees ngir nit ku nekk.*

| | |
|---|---|
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Barab bu bees wala bi nga mujj xam fumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy bindu yi ngir am kaarange bitim réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |
| **Leerali jokkoo wu kilifa gi, soo ko amee** | |
| Tur | |
| Sant | |
| Nimero telefon | |
| Adarees imel | |

**Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la**

Ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak nit kii?

☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.
**Ci kaa bii, yaw ak sa waa kër di nañ leen sant ngeen joxe ab nangu bu formel buñu bind. Nangu bu formel bi di nañ ko sakku ci ab tëggiin bu wuute.**

☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.
Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yii di nañ leen jëfandikoo ci sutura.

**Xibaar yu am solo ci nekk ci lu wóoradi wala sababi humanitaires**

Mën nga def fii bépp xibaar bu ci wàr bu am solo ngir njiit yi xam ci li aju ci say waa kër (bépp ñakk wóoradi, soxla yu xejjiku wala sababi humanitaires).

**Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?**

**Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?**

**Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii?** ***Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).***

**Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**
Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi.

**Yeneen xibaar yu am solo**

Pàccu duppi

## XAAJ 4. XIBAARI JAGOO YU AJU CI NIT KUÑU YORE

*Sudee da nga am lu ëpp benn doom, mag/rakk wala waajur mi nga nekk ci loxoom, wala mi nekk ci say loxo, bësal ci bitoŋu 'Pàccu Duppi' ngir sos ab pàcc bu bees ngir nit ku nekk.*

| | |
|---|---|
| Li nga bokk ak nit ki | ☐ doom (bu mag)<br>☐ mag/rakk<br>☐ waajur |
| **Tànnal:**<br>☐ Nit kooku ci sama ndimbal la weeru.<br>☐ Maa ngi weeru ci ndimbalu nit kii. | |
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Xeetu lëkkale yoriin (mën nañu tànn tànnéef yu bari) | Tànnal li waral nit ki aju ci sa ndimbal wala lu tax nga weeru ci ndimbalu nit ki:<br>☐ dafa ëmb<br>☐ toppatoo kuy sooga juddu<br>☐ am feebaru xel bu metti<br>☐ am feebar bu metti<br>☐ dafa ame laago bu metti<br>☐ dafa ame gaañu-gaañu xel bu metti<br>☐ màggat<br>☐ leneen (leeral ko): |
| Barab bu bees bumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy bindu yi ngir am kaarange bitim réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |

| | |
|---|---|
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |

**Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la**

Ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak nit kii?

☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.
**Ci kaa bii, yaw ak sa waa kër di nañ leen sant ngeen joxe ab nangu bu formel buñu bind. Nangu bu formel bi di nañ ko sakku ci ab tëggiin bu wuute.**

☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.
Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yii di nañ leen jëfandikoo ci sutura.

**Xibaar yu am solo ci nekk ci lu wóoradi wala sababi humanitaires**

Mën nga def fii bépp xibaar bu ci wàr bu am solo ngir njiit yi xam ci li aju ci say waa kër (bépp ñakk wóoradi, soxla yu xejjiku wala sababi humanitaires).

**Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?**

**Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?**

**Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii?** ***Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).***


**Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**
Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi.

**Yeneen xibaar yu am solo**

Pàccu duppi

## XAAJ 5. ARBRE GENEALOGIQUE (AJU CI SA COOBARE)

Mën nga desine sa arbre généalogique ci boyet bii ci suuf. Werlul ni xamle nga sa waa kër yi la gëna jege. Sa waa kër yi la gëna jege ñooy sa jëkër/jabar ak sa doom wala say doom, say waajur ak say mag/rakk. Su mënee nekk, xamlel ci ban réew la sa waa kër dëkk fimne nii. Wone nañu misaalu arbre généalogique ci nataal bii ci suuf.




***Dugalal xibaar yu méngook bépp mbokk ci pàcc bii***